



*Une Fondation, une nouvelle Forme de Citoyenneté, une Nation*

# LWA SOU DEKLARASYON PATRIMWÀN : YON ANGAJMAN POU TOUT SITWAYEN

---

SE YON PUBLIKASYON FONDASYON JE KLERE (FJKL)  
ME 2019

---



## PLAN

Jistifikasyon	<b>3</b>
Objekif Jeneral	<b>5</b>
Objektif Espesifik	<b>5</b>
Deklarasyon Patrimwàn : Kiyès ki konsène ?	<b>6</b>
Nan ki delè ?	<b>7</b>
Sou aktyalizasyon Deklarasyon Patrimwàn yo	<b>8</b>
Ki byen pou yo deklare ?	<b>8</b>
Konsènan pasif patrimwàn nan	<b>8</b>
Konsènan non-prete yo ?	<b>8</b>
Konsènan sitiyasyon Eta sivil konsène a	<b>9</b>
Nan ka byen moun ki alye ak konsène a	<b>9</b>
Ki sa lalwa rele "alye" ?	<b>9</b>
Konsènan sanksyon yo	<b>9</b>
Konsènan deklarasyon enkonplè, fo deklarasyon ak deklarasyon ki pa egzak	<b>9</b>
Konsènan absans deklarasyon lè yon moun antre nan fonksyon	<b>9</b>
Konsènan absans deklarasyon lè yon moun kite fonksyon	<b>10</b>
Soupson sou fòtin ki ta fèt nan kondisyon lalwa kondane	<b>10</b>
Obsèvasyon ak rekòmandasyon	<b>11</b>
1- Rekòmandasyon pou ULCC (Inite Lit pou Konbat Koripsyon) :	<b>11</b>
2- Rekòmandasyon pou Lajistis :	<b>12</b>
3- Rekòmandasyon pou Palman an	<b>12</b>
4- Rekòmandasyon pou Konsèy Elektoral la	<b>12</b>
5- Rekòmandasyon Pou Òganizasyon vijilans sitwayen yo, ak moun k ap denonse yo	<b>12</b>



## JISTIFIKASYON

Nan dat 20 fevriye 2008, jounal ofisyèl peyi a, Le Moniteur, pibliye lwa sou Deklarasyon Patrimwàn ki sible sèten kategori reskonsab nan Leta a. Lwa sa a vize pèsonalite politik, fonksyonè leta ak ajan piblik.

Lwa sa a se yon zouti ki la pou ede lajistis konbat anrichisman ki fèt nan kondisyon moun pa ka esplike. Leta adopte lwa sa a epi li pibliye l, nan objektif pou li pèmèt lavi piblik anndan peyi a chita sou prensip moralite. Men poutan, sa k ap pase nan reyalite a fè moun sezi :

« Nan yon dokiman Transparency International pibliye nan dat 29 mas 2019 la, li montre pou Endis Presantiman Koripsyon (IPC an franse), Ayiti fè bak nan klasman ki fèt pou peyi yo nan zafè koripsyon. Ayiti parèt nan 161èm plas sou 180 peyi, avèk yon mwayèn 20 sou 100. Se yon plas okenn peyi p ap anvye » Ayiti fè bak nan Endis Presantiman koripsyon, lè nou konsidere pwen li te make nan 3 dènye lane sa yo.

Esplikasyon sitiyasyon sa a klè, se pa nesesè pou moun chache anpil pou yo konprann : Yo pa aplike prensip kont koripsyon yo, epi enstitisyon ki la pou konbat koripsyon yo, se enstitisyon ki la pou aparans.

Gen yon rapò *Init Lit pou Konbat Koripsyon* an (ULCC an Fransè) prepare sou eta avansman aplikasyon lwa sou Deklarasyon Patrimwàn 12 fevriye 2008 la. Rapò sa a konsène **pèsonalite politik, fonksyonè leta ak ajan piblik. Dokiman an kouvrir peryòd soti fevriye 2008 rive fevriye 2018**. Rapò sa a, prezante pèsonalite politik, fonksyonè leta ak ajan piblik ki rive fè Deklarasyon Patrimwàn yo. Nan kad aplikasyon lwa sa a, li montre gen yon gwo diferans ant prensip ki nan lwa a ak aksyon k ap fèt nan lapratik.

Rapò a montre, pouvwa egzekitif la, ki genyen : Prezidan, Premye Minis, Minis ak Sekretè Leta yo te reprezante **232** pèsonalite ki ta dwe fè Deklarasyon Patrimwàn yo pou peryòd 2008-2018. Sa vle di, li fèt pou **4** Prezidan, **7** Premye Minis, **131** Minis ak **90** Sekretè Leta. Poutan, **se 46% sèlman** nan reskonsab Leta sa yo ki fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap pran fonksyon, epi se **10.77%** nan mitan yo ki fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap kite fonksyon yo. Pou plis presizyon, genyen 2 ansyen Prezidan ki pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap kite fonksyon an, 3 ansyen Premye Minis, 116 ansyen minis sou 131, 86 ansyen Sekretè Leta sou 90 pa fè deklarasyon patrimwàn yo.

Nan pouvwa jidisye a, si nan Kou Kasasyon se 100% jij yo ki fè Deklarasyon Patrimwàn yo, nan Koudapèl 89% pa fè l, 37% pa fè l nan Tribunal premye degre yo, 44% jjidepè pa fè l, 33% komisè gouvènman ak sibtit pa fè l, 24% manm Konsèy Pouvwa Jidisye pa fè l.

Men sitiyasyon pèsonalite politik ki pa fè Deklarasyon patrimwàn yo lè y ap pran fonksyon:



Anbasadè: **88%**

Konsil : **89%**

Sekretè jeneral yo : **73%**

Delege ak Vis Delege : **93%**

Pou enstitisyon endepandan yo, men kouman sitiyasyon an ye :

- Nan Koudèkont ak Kontansye Administratif (CSC/CA), 50% nan Prezidan ak Konseye yo pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap pran fonksyon, epi 89% pa fè I lè y ap kite fonksyon an ;
- Pwotektè sitwayen : 75% ladan yo pa fè I lè y ap pran fonksyon ;
- Nan Konsèy Elektoral Pwovizwa a, 48% Prezidan ak manm konsèy yo pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap rantre nan fonksyon an, epi 96,29% pa fè I lè y ap kite fonksyon an ;
- Okenn Rektè ak Vis Rektè nan Invèsite an pwovens yo pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo, ni lè y ap rantre nan fonksyon an, ni lè y ap kite I.

Nan kolektivite territoryal yo :

- **97%** majistra kominal yo pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo ;
- **99.75%** KASEK pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo ;
- Kesye ki responsab pèman nan lameri yo pa fè okenn Deklarasyon Patrimwàn.

Pou sa ki konsène Fonksyonè ak ajan Administrasyon Piblik yo, sitiyasyon an pa dif- eran :

- **67%** nan Prezidan ak manm konsèy administrasyon Bank Republik Ayiti (BRH) pa deklare patrimwàn yo lè y ap pran fonksyon, epi 100% pa fè I lè y ap kite fonksyon an ;
- **67%** nan Direktè jeneral ak Direktè jeneral adjwen yo pa deklare patrimwàn yo lè y ap rantre nan fonksyon yo, epi 82% nan mitan yo pa deklare byen yo lè y ap kite pòs la ;
- Pou Enspektè nan Administrasyon Jeneral Ladwann (AGD), enspektè Biwo Imigrasyon ak Emigrasyon yo, ajan nan komisyon nasyonal kont dwòg (CINALD an Fransè), manm Tèt Kòmandman Fòs Piblik yo, okenn pa fè deklara- syon patrimwàn yo
- **99%** nan enspektè Direksyon Jeneral Enpo (DGI) pa deklare patrimwàn yo ;
- **80%** nan Prezidan ak manm Konsèy Administrasyon Bank Nasyonal Kredi (BNC an Fransè) pa fè deklarasyon Patrimwàn yo ;
- **86%** nan ajan Inite Santral pou Ransèyman Finansye (UCREF an Fransè) pa deklare patrimwàn yo ;
- **60%** nan manm Komisyón Nasyonal Mache Piblik (CNMP en français) pa fè deklarasyon patrimwàn yo ;
- **67%** nan manm Konsèy Modènizasyon Antrepriz Piblik yo (CMEP an Fransè) pa deklare patrimwàn yo ;
- **50%** nan Prezidan ak manm Konsèy Administrasyon Bank Popilè Ayisyen (BPH an Fransè) pa fè deklarasyon patrimwàn yo ;



- Se sèlman 2 ajan piblik ki deklare patrimwàn yo sou tout manm ki nan Fòs piblik yo.

### **Pi gwo satisfaksyon an se lè nou konstate 100% ajan ULCC yo fè Deklarasyon Patrimwàn yo.**

Nan ka pouvwa lejislatif la, ki se yon pouvwa kontwòl, malgre sa li pèdi repitasyon li. Sitiyasyon an grav anpil : soti fevriye 2008 rive fevriye 2018, genyen 4 lejislati ki pase nan palman an, sa bay yon total 313 depite ak 90 senatè.

- **93%** nan senatè Republik la pa fè Deklarasyon Patrimwàn yo lè y ap antre nan fonksyon, epi 97% nan mitan yo pa fè lè manda yo bout ;
- **81%** nan depite yo pa deklare Patrimwàn yo lè y ap pran fonksyon, epi gen **93%** nan mitan yo ki pa fè lè manda yo fini.

Yon sitiayson konsa pa kapab kontinye. Sa mande pou chak sitwayen, chak òganizasyon, gwoup pwofesyonèl yo, asosyasyon jèn yo pou yo fè presyon sou pouvwa piblik yo dekwa pou yo chanje mòd pratik k ap ankouraje moun fè fòtin nan kondisyon lalwa kondane, nan koripsyon sou tout fòm ak nan enpinite.

Fondasyon Je Klere (FJKL) lanse kanpay pledwaye sa a pou Leta pran tout dispozisyon pou li aplike lwa sou Deklarasyon Patrimwàn nan. Inisyativ sa a koresponn ak vizyon sitwayen angaje FJKL ki vle travay pou chak Ayisen tounen yon lidè responsab, yon sitwayen k ap patisipe nan lavi piblik peyi a, dekwa pou Ayiti tounen yon Leta nasyon ki chita sou prensip dwa moun ak devlopman dirab.

## **OBJEKIF JENERAL**

Objektif jeneral Kanpay pledwaye Fondasyon Je Klere (FJKL) lanse a se : Ede pou transparans ak moralite tounen prensip nan lavi piblik an Ayiti. Se pou rezon sa a, FJKL ap mennen yon kanpay nan medya yo ansanm ak yon pledwaye pou yo rive aplike lwa sou Deklarasyon Patrimwàn nan kòmsadwa.

## **OBJEKTIF ESPESIFIK**

Kanpay pledwaye FJKL la vle rapousuiv yon seri objektif espesifik tankou :

- Enfòme popilasyon an, epi sansibilize li sou enpòtans Deklarasyon Patrimwàn yo nan fè prevansyon kont koripsyon ;
- Bay popilasyon an enfòmasyon sou lwa Deklarasyon Patrimwàn nan ansanm ak sa ki fèt konsènan lwa a, depi dat yo te adopte l la, jouk rive jounen jodi a, epi mobilize popilasyon an sou ;
- Efikasite lwa a ak rezulta yo jwenn nan men enstitisyon ki konsène nan Deklarasyon Patrimwàn nan ;



- Pwen ki sèvi kòm blokaj ;
- Volonte ajan piblik yo ak pèsonalite yo pou yo konfòme yo ;
- Wòl sosyete civil la.
- Pilote refleksyon, epi an menm tan an anime deba nan tout peyi a sou aplikasyon lwa a, dekwa pou peyi a jwenn mwayen pou li oblige moun ki konsène yo respekte lwa a, epi veye pou yo aplike sanksyon kont tout moun ki pa vle respekte lwa a ;
- Pwopoze pou yo amande lwa elektoral I. Se pou yo oblige tout kandida prezante yon sètifica Deklarasyon Patrimwàn ULCC ba yo, epi pou sètifica a presize yo te fè Deklarasyon Patrimwàn nan nan delè lalwa prevwa pou sa ;
- Envite sosyete civil la pou li enplike li pi plis toujou nan kesyon aplikasyon lwa a, ranfòse kapasite yo nan sans sa a, pandan FJKL ap ede yo jwe wòl avangad yo a pi byen.

## **DEKLARASYON PATRIMWÀN : KIYÈS KI KONSÈNE ?**

Atik 7 lwa sou Deklarasyon Patrimwàn nan idantifye 7 kategori pèsonalite, fonksyonè ak lòt ajan piblik ki tonbe anba obligasyon sa a. Se :

### **1) Manm Pouwva Egzekitif la**

- a) Prezidan Republik la ;
- b) Premye Minis ;
- c) Sekretè Leta.

### **2) Manm Kò Lejislatif (Palman) :**

- a) Senatè yo ;
- b) Depitè yo.

### **3) Manm pouwva jidisyè a :**

- a) Prezidan, Vis Prezidan ak jij Kou Kasasyon Republik la, ansam ak Komisè Gouvènman an ak tout sibtit komisè nan Kou Kasasyon an, plis tout lòt manm Konsèy Siperyè Pouwva Jidisyè a ;
- b) Prezidan ak jij Koudapèl peyi a ansam ak Komisè Gouvènman plis sibtit Koudapèl yo ;
- c) Dwayen, Jij ak Jij Enstriksyon nan Tribunal de Pè peyi a, ansam ak Komisè Gouvènman plis sibtit nan tribunal sa yo ;
- d) Jij de Pè ak jij sibleyan yo

### **4) Lòt pèsonalite politik :**

- a) Anbasadè ak Reprezantan pèmanan Ayiti nan Òganizasyon Entènasyonal yo ;
- b) Konsil Jeneral yo ;
- c) Sekretè Jeneral Laprezidans, Sekretè Jeneral Primati ak Sekretè Jeneral Konsèy Minis, Manm Kabinè Prezidan Republik la, Manm Kabinè Premye Minis la, Manm Kabinè Minis yo, Manm Kabinè Sekretè Leta yo ;
- d) Delege ak Vis Delege.



### **5) Manm Enstitisyon Endependan yo :**

- a) Prezidan Koudèkont ak Kontansye administratif, Konseye koudèkont yo ansanm ak verifikatè ki gen reponsablite pou fèmen kont yo ;
- b) Pwotektè sitwayen an ak adjwen li ;
- c) Prezidan Konsèy Elektoral la, manm Biwo Elektoral Depatmantal yo (BED) ak manm Biwo Elektoral Kominal yo (BEK) ;
- d) Rektè, Vis Rektè Inivèsite Leta a, Dwayen, Vis Dwayen ak sekretè Jeneral Fakilte Leta yo, Rektè ak Vis Rektè Lekòl Siperyè Piblik yo ansanm ak Sekretè Jeneral Lekòl sa yo.

### **6) Reprezantan Kolektivite Teritorial yo :**

- a) Konseye depatmantal ak konseye entèdepatmantal yo ;
- b) Majistra yo ak Majistra adjwen yo ;
- c) Manm KASEK ;
- d) Kesye responsab pèman nan Administrasyon kominal yo.

### **7) Fonksyonè ak lòt ajan nan Administrasyon piblik la :**

- a) Direktè Jeneral ak direktè Jeneral adjwen ;
- b) Òdonatè ak Kontab ki gen lajan Leta sou reskonsablite yo ;
- c) Prezidan Konsèy administrasyon ak manm Konsèy administrasyon enstitisyon ak antrepriz piblik yo, tankou : Bank Republik Ayiti (BRH), Bank Nasyonal Kredi (BNC), Bank Popilè Ayisyen (BPH) ;
- d) Manm Tèt Kòmandman Fòs Piblik la ;
- e) Tout manm Fòs Piblik la ;
- f) Enspektè Direksyon Jeneral Enpo yo (DGI), Enspektè Administrasyon Jeneral Lad-wann yo (AGD), Enspektè Imigrasyon ak Emigrasyon, Ajan Kontwòl kont blanchiman lajan (UCREF), Ajan ki responsab lit kont dwòg (CONALD) ak ajan ki responsab lit kont koripsyon (ULCC) ;
- g) Prezidan Konsèy Modènizasyon Antrepriz Piblik yo (CMEP)
- h) Kòdonatè Komisyon Nasyonal Mache Piblik yo (CNMP) ak manm Komisyon sa a ;
- i) Tout lòt fonksyonè ak ajan piblik lalwa va idantifye.

## **NAN KI DELÈ ?**

Moun lwa sa a sible yo, yo genyen yon delè trant (30) jou pou yo fè Deklarasyon Patrimwàn yo. Y ap kòmanse kontwole delè a depi nan dat yo pran fonksyon yo oswa nan dat yo enstale yo nan pòs yo, anwetan Prezidan Republik la ki genyen pou li fè deklarasyon li sou trant (30) jou apre li fin pase nan elekson – sa vle di, depi anvan li pran fonksyon - Nan trant (30) jou, apre manda yo bout, oswa apre yo kite fonksyon yo, y ap genyen pou yo fè Deklarasyon Patrimwàn yo nan grëf Tribunal Premye Enstans kote yo gen domisil yo. Deklarasyon Patrimwàn nan se yon envantè notè siyen pou tout byen transpòtab ak byen fiks konsène yo posede.



## SOU AKTYALIZASYON DEKLARASYON PATRIMWÀN YO

Pou kèlkeswa moun sa konsènen, depi li genyen yon ogmantasyon ki depase 40% nan lajan pou li peye enpo, moun nan fèt pou li aktyalize Deklarasyon Patrimwàn li.

### KI BYEN POU YO DEKLARE ?

Deklarasyon moun ki konsène yo fèt pou li genyen ni aktif ni pasif.  
Pou aktif yo, yo dwe deklare de (2) kategori byen :

#### 1) *Byen transpòtab ki se:*

- Kont kouran yo ak kont epay yo genyen labank, plasman yo fè nan mache bousye, aksyon yo genyen nan sosyete komèsyal yo, an jeneral, kontra asir-ans-lavi, kèlkeswa lajan yo fè pou ane a ki gen rapò ak pòs yo okipe a oswa ki sòti nan nenpòt lòt sous ;
- Mèb pou sèvis ak mèb dekoratif, koleksyon objè ki gen valè, zèv atis, bijou, pyè presye ; yo dwe liste tout byen sa yo ak tout estimasyon valè yo, dwa yo kòm otè sou zèv entèlektyèl ak kiltirèl, brevè yo ak mak depoze yo ;
- Otomobil ;
- Fon komès, lajan yo genyen ki deyò nan men lòt moun ;
- Kèlkeswa lòt byen yo ka deplase, ki an Ayiti ak aletranje.

#### 2) *Byen fiks oswa byen imobil tankou :*

- Pwopriyete ak tout konstriksyon, an Ayiti tankou aletranje, avèk tout detay deskripsyon yo nan anèks ;
- Pwopriyete vid oswa san konstriksyon an Ayiti tankou aletranje ;
- Byen fiks dapre itilizasyon I (ki mande pou yo demonte oswa pou yo defèt) an Ayiti tankou aletranje.

### KONSÈNAN PASIF PATRIMWÀN NAN

Moun k ap deklare a dwe deklare tout pasif ki sou tèt patrimwàn li tankou ipotèk pou dèt yo, dèt pèsonèl li ak tout lòt angajman li jije ki nesesè pou lajistis konnen.

### KONSÈNAN NON-PRETE YO ?

Moun ki konsènen an fèt pou li deklare si li sèvi ak non-prete nan men yon moun oswa plizyè moun pou li anrejistre byen li genyen.



## **KONSÈNAN SITIYASYON ETA SIVIL KONSÈNE A**

Moun ki konsène a fèt pou li deklare sitiyasyon eta sivil li, epi, sou ki rejim sivil li marye.

## **NAN KA BYEN MOUN KI ALYE AK KONSÈNE A**

Konsène a fèt pou li deklare byen moun ki alye avèk li yo

## **KI SA LALWA RELE "ALYE" ?**

Mo "alye" a vle di, kèlkeswa moun ki gen yon relasyon avèk konsène a kit se maryaj, oswa yon inyon defakto (plasaj, konkibinaj), oswa filyasyon paran-pitit oswa tou adopsyón, pitit ki deja majè yo pa konsènen.

## **KONSÈNAN SANKSYON YO**

Gen sanksyon lalwa prevwa lè yon moun fè fo deklarasyon oswa nan ka pa gen deklarasyon ditou.

## **KONSÈNAN DEKLARASYON ENKONPLÈ, FO DEKLARASYON AK DEKLARASYON KI PA EGZAK**

Jan lalwa di sa nan Kòd Penal la, lajistik kapab pouswiv kèlkeswa moun nan pou deklarasyon enkonplè, pou deklarasyon ki pa egzak, pou fo deklarasyon, oswa pou itilizasyon fo dokiman, depi yo konstate li prezante sitiyasyon an yon fason pou li twonpe moun.

Atik 109 Kòd Penal ayisen an pini kèlkeswa moun nan pou li fè travay fòse pandan yon tan, depi yo jwenn li koupab nan falsifye dokiman legal.

Kantite tan pou yon moun fè nan travay fòse pou yon tan se twa (3) zan pou pi piti ak kenz (15) an pou pi plis.

## **KONSÈNAN ABSANS DEKLARASYON LÈ YON MOUN ANTRE NAN FONKSYON**

Yo ka koupe yon ka (1/4) nan lajan kèlkeswa moun nan ki dwe fè deklarasyon Patrim-wàn li, epi ki pa fè li nan delè trant (30) jou lalwa prevwa a. Men nan ki kondisyon :



1. ULCC verifye li pa respekte delè trant jou a ;
2. Sou swasant (60) jou, ULCC remèt uisye yon rapèl pou li. Uisye a remèt li l dirèkteman oswa nan domisil reyèl li ;
3. Sou katreven di (90) jou, konsène a toujou pa fè deklarasyon an.

## KONSÈNAN ABSANS DEKLARASYON LÈ YON MOUN KITE FONKSYON

Lè yon konsène ta dwe fè deklarasyon Patrimwàn li lè li kite yon fonksyon oswa kontra li bout, epi li toujou pa ranpli fòmalite a apre delè 30 jou lalwa prevwa a, l ap resevwa pinisyon ki nan dispozisyon atik 28 Kòd Penal la selon sa lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan di nan atik 18 la.

Atik 28 Kòd Penal la pale sou kesyon entèdiksyon pou moun egzèse dwa politik, dwa sivil ak dwa familyal. Men ki sa li egzije : **“Lè tribunal yo ap jije nan zafè koreksyonèl, nan sèten ka, yo kapab entèdi yon moun egzèse tout dwa li yo osnon mòso nan dwa politik li yo, nan dwa sivil li, ak nan dwa sou fanmi li :”**.

1. dwa pou moun nan vote nan eleksyon ;
2. dwa pou li poze kandidati li ;
3. dwa pou yo chwazi li kòm manm jiri oswa pou yo nonmen li pou nenpòt lòt fonksyon oswa pòs publik nan administrasyon an, oubyen pou li egzèse fonksyon yo oswa anplwa yo ;
4. dwa pou li pote zam ;
5. dwa pou li vote oswa pou li bay opinyon li nan deliberasyon nan konsèy fanmi yo ;
6. dwa pou li jwe wòl reskonsab timoun oswa jere byen minè, lè se pa pwòp ptit li epi sou sèl desizyon konsèy fanmi an ;
7. dwa pou li sèvi kòm espesyalis oswa kòm temwen nan sèten zak ;
8. dwa pou li sèvi temwen nan tribunal, si se pa pou li annik fè senp deklarasyon nan tribunal.

## SOUPSON SOU FÒTIN KI TA FÈT NAN KONDISYON LALWA KONDANE

Anplis yon kondanasyon k ap tann konsène a poutèt li pa fè Deklarasyon Patrimwàn li lè li kite pòs la, li mete tèt li nan sitiyasyon pou yo sispièk li fè fòtin nan kondisyon lalwa kondane. Danje ki genyen nan neglige fè Deklarasyon Pwatrimwàn nan, se soupson ki fè konsène a pase pou yon moun ki fè fòtin nan kondisyon lalwa kondane. Fòtin dèyè do lalwa se yon enfraksyon lalwa pini avèk travay fose pou yon tan (ant 3 zan – 15 zan). Mete sou sa, reskonsablite pote prèv la chanje kan. Konsa, konsène a pa ka benefisyè prensip presantiman inosans la. Se enterese a, li menm, ki pou pwouve li fè fòtin li nan kondisyon lalwa rekonèt, pou li pa kite okenn dout. Ministè publik la pa genyen pou li pwouve si enterese a koupab. Si enterese a pa ka pwouve li pa fè anyen ki ilegal, lajistis ap kondane l.



## OBSÈVASYON AK REKÒMANDASYON

Li klè, pa gen volonte nan Leta a pou yo aplike lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan. Poutan, lè Leta ayisyen te pran lwa sa a, li te montre li chwazi fè transparans nan lavi piblik la. Aplikasyon lwa a, san fay, ta dwe pèmèt sosyete a goumen kont kèlkeswa fòtin moun pa ka esplike.

Kit se manm ansyen gouvènman yo, kit se otorite ki pase nan eleksyon yo, kit se moun ki gen chay sèvis piblik la sou reskonsablite yo, prèske tout enterese sa yo, pa respekte obligasyon yo te genyen pou yo te fè deklarasyon Patrimwàn yo, ni lè yo t ap antre nan fonksyon yo, ni lè yo t ap kite. Malgré tousa, moun sa yo pa janm sispann pran angajman pou Leta, yo toujou kontinye ap egzèse fonksyon piblik; pratik sa yo depaman ak objektif lwa a.

Reskonsab lajistis yo pa janm pran dispozisyon pou yo sèvi ak batri sanksyon lalwa prevwa yo. Plis pase onz (11) ane depi lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan egziste, sanble pifò enterese yo pa pran lwa a tankou yon obligasyon malgré tout sanksyon penal ki mache avèk lwa a. Jouk kounye a, lajistis poko anpeche pyès moun poze kandidati li paske li pa t fè deklarasyon Patrimwàn li, lè li kite pòs li. Epoutan, depi moun nan pa fè deklarasyon an nan delè lalwa prevwa yo, li dwe jwenn sanksyon.

Poko jamm gen okenn pouswit pou fòtin moun ta fè nan kondisyon lalwa kondane. Epoutan, nan ka sa yo, pote prèv la pa sou kont pousuit la, sa se yon avantaj pou ministè piblik la. Se moun lajistis ap pouswiv la ki pou pwouve li inosan, travay pote prèv li koupab la pa sou kont Ministè Piblik la nan ka Patrimwàn nan, jan sa toujou fèt nan lejislasyon penal peyi a.

Men kèk pwopozisyon **Fondasyon Je Klere (FJKL)** fè pou yo ka aplike lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan ak tout rigè sa mande :

### 1- REKÒMANDASYON POU ULCC (INITE LIT POU KONBAT KORIPSYON) :

- Se pou ULCC remèt tout Pakè Tribunal Premye enstans, nan dizuit (18) jiridiksyon nan peyi a, lis non tout ansyen Prezidan, ansyen Premye Minis, Minis, Sekretè Leta, Senatè, Depite, Direktè Jeneral, Anbasadè, Majistra kominal, an rezime, kèlkeswa pèsonalite politik la, fonksyonè Leta ak ajan fonksyon piblik la ki pa janm fè deklarasyon Patrimwàn yo lè yo kite pòs yo. Se dekwa pou Majistra yo ka fè aksyon piblik la bouje kont pèsonalite sa yo, jan lalwa mande l la.
- Se pou ULCC pibliye lis non pèsonalite sa yo, nan sousi transparans la. Lalwa entèdi yo pibliye enfòmasyon ki nan deklarasyon Patrimwàn yo, men li pa entèdi yo pibliye lis non moun ki fè deklarasyon Pratrimwàn yo ak sa ki pa fè l yo; sa ap rann travay gwoup presyon yo pi fasil.



## **2- REKÒMANDASYON POU LAJISTIS :**

Se pou Lajistis fè yo aplike lwa a, san okenn konsiderasyon pou pèsonn : depi yon moun pa t fè deklarasyon Patrimwàn li, nan delè trant (30) jou lalwa prevwa a, apre li kite fonksyon an, yo pa gen dwa resevwa kandidati li pou okenn pòs nan eleksyon.

## **3- REKÒMANDASYON POU PALMAN AN**

- Se pou palman an egzije pou tout palmantè yo fè deklarasyon Patrimwàn yo, se konsa pou yo bay bon egzanp ;
- Se pou palman an modifye pwen ki gen rapò avèk zafè pa pibliye enfòmasyon ki nan lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan, paske pwen sa a depaman ni ak prensip transparans, ni ak prensip moralizasyon lavi piblik la lwa a vize a.
- Se pou palman an modifye lwa elektoral la. Nan lis kondisyon pou yon kandida ripli pou li ale nan eleksyon, se pou Palman an ajoute yon pwen ki mande : pou kandida yo remèt sètifica ULCC ba yo pou deklarasyon Patrimwàn yo fè, si yo konsène, jan lalwa prevwa li a.

## **4- REKÒMANDASYON POU KONSEY ELEKTORAL LA**

Se pou Konsèy Elektoral la anile kèlkeswa kandidati ki pa vini avèk sètifica deklarasyon Patrimwàn nan, si lalwa te sible kandida a kòm moun ki dwe fè deklarasyon Patrimwàn li, anvan li depoze kandidati li.

## **5- REKÒMANDASYON POU ÒGANIZASYON VIJILANS SITWAYEN YO, AK MOUN K AP DENONSE YO**

Se pou yo monte rezo sitwayen-sitwayèn pou aplikasyon lwa sou deklarasyon Patrimwàn nan, se pou yo miltipliye denonsyasyon yo, epi pou yo fè suivi entèvansyon yo.



***Une Fondation, une nouvelle Forme de Citoyenneté, une Nation***

La **FONDASYON JE KLERE (FJKL)** est une organisation de promotion et de défense des droits humains dont les valeurs cardinales sont :

- Intégrité : La Fondation entend promouvoir l'intégrité à travers ses membres, les groupes qu'elle accompagne pour être à même de l'exiger dans la gestion de la chose publique ;
- Courage : Les membres de la Fondation, dans leur mission, devront faire preuve de force de caractère, de conviction et de fermeté pour affronter le danger, les circonstances difficiles et les revers.
- Solidarité : En accompagnant et en encadrant les populations, spécifiquement les jeunes à devenir une nouvelle classe d'hommes et de femmes résolument tournée vers la modernité et le progrès, la Fondation contribue à améliorer la qualité des missions sociales dans tous les domaines ;
- Justice: Les membres de la Fondation luttent contre les inégalités sociales. Ils-elles défendent une société juste avec une meilleure répartition des biens entre les membres de la société.

**FONDASYON JE KLERE (FJKL)**  
**153, Avenue John Brown**  
**Tel. : (509) – 4873 4727 ; 3728 8466**  
**Site : [www.fjkl.org.ht](http://www.fjkl.org.ht)**  
**Email : [jkl@fjkl.org](mailto:jkl@fjkl.org)**